# ҚАРАҚАЛПАҚ ГҮРРИҢЛЕРИНИҢ ИЗЕРТЛЕНИЎ ТАРИЙХЫНАН

**З.К.Ктайбекова –** *үлкен оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** эпик жанр, ҳикоялар, тематика, тадқиқат қилиш, маҳорат, проза.
**Ключевые слова:** эпический жанр, рассказы, тематика, исследовать, мастерство, проза.
**Key words:** epic genre, stories, themes, research, skill, prose.

Ҳәзирги дәўирде әдебияттың алдыңғы ўазыйпалары тийкарынан жәмийетимизде демократиялық бағдар өмир сүрип атырған бир дәўирде жаңа адамды тәрбиялаў, ҳәр бир инсанның еркин пикирлеўшилигин жетилистириў, жәмийетимизде жүз берип атырған өзгерислерди еркин жырлаўдан ибарат. Солай екен, әдебиятымыздағы бүгинги баслы бағдар усындай үлкен әҳмийетке ийе болған мәселелерди сөз еткен гүрриңлерди, соның ишинде, қарақалпақ гүрриңлерин ҳәзирги дәўир көзқарасынан үйрениў қарақалпақ әдебияттаныў илиминдеги ең баслы машқала болып есапланады. 90-жылларға келип, ғәрезсизлик дәўириниң усындай өзгерислери менен гүрриң жанры да қарақалпақ прозасын жаңа идеаллар тийкарында раўажланыўға айрықша бағдар берди.

Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ прозасына үлкен жаңалықлар алып келди. Биз өзлигимизди, өз тилимизди, динимизди, миллий тарийхымызды айқын сүўретлеўге толық имканият алдық. Гүрриң жанрында бурын көрилмеген ҳәрекетшеңлиги дәўир руўхы менен тең аяқ басыў, илим-техниканың раўажланыўы менен бирге илимий көз қарасларды қәлиплестириў, жаңа көз қарасқа ийе, еркин, өткир пикирли жетилискен кәмил инсан образын жасаў, жаңаша ойлаў тәризин жүзеге келтириў мәселелери менен айрықшаланды. Усы тийкарда, жаңа талант ийелери пайда болып, қәлиплесип барды. Бурыннан қәлем тербетип киятырған жазыўшыларымыз қәлбинде оянған ғәрезсизлик туйғыларын еркин, бурынғы сиясаттан қутылған ҳалда, еркинлик самалынан терең нәпес алып, өз талантын тағы да жетилистириў менен бирликте, инсан қәлбине ой салатуғын жаңа ой-пикирлерди жәрия қылды. Гүрриң жанрының сюжетлик ўақыялары 90-жылларға келип, терең миллийликте ҳәм ҳәр қыйлы көринислерде, қубылысларда, хроникалық, концентрлик, ретроспективлик сюжетлерде раўажланып барады.

Қарақалпақ гүрриңлериниң ғәрезсизлик жылларындағы поэтикалық өзгешелигин изертлеп үйрениў – ең әҳмийетли машқалалардың бири болып, әдебияттаныў илиминиң раўажланыўында айрықша орын ийелейди.

Гүрриң жанры туўысқан халықлар әдебиятында, қазақ әдебиятын изертлеўши илимпаз З.Қабдолов тәрепинен дәслепки қазақ әдебиятындағы гүрриңлер изертленген болса [1], Б.Акмуханова тәрепинен 1917-1941-жыллардағы қазақ гүрриңлериниң раўажланыў жоллары [2], қырғыз әдебиятында Б.Кебекова тәрепинен 1924-1960-жыллардағы қырғыз гүрриңлериниң раўажланыў жоллары [3], түркмен әдебиятында гүрриң жанры Э.Ишанкулиев тәрепинен [4] өзбек әдебиятында Н.Владимирова тәрепинен ХХ әсирдиң 20-40-жылларындағы өзбек гүрриңлериниң раўажланыў тарийхы, тематикасы ҳәм образлар [5], У.Норматов тәрепинен 1956-1961-жыллардағы өзбек гүрриңлериниң тийкарғы раўажланыў тенденциялары [6], Ш.Турдиев тәрепинен өзбек әдебиятында киши эпикалық жанрдың яғный 20-жыллардағы өзбек гүрриңлериндеги шеберлик [7], С.Ташканов тәрепинен 1960-1970-жыллардағы өзбек сатиралық гүрриңлери ҳәм характер машқаласы [8], Ш.Адылов тәрепинен 70-80-жыллардағы өзбек әдебиятындағы гүрриңлерде заманагөй образы [9], Х.Досмухамедов тәрепинен ХХ әсирдиң 80-90-жылларындағы өзбек гүрриңшилигинде көркем ойлаўдың жаңаланыўы мәселелери [10], қарақалпақ әдебиятында М.Нурмухамедов тәрепинен қарақалпақ прозасының раўажланыў жоллары [11], С.Баҳадырова [12] тәрепинен 1957-1967-жыллардағы дәслепки қарақалпақ гүрриңлериниң раўажланыў жоллары, идеялық-тематикалық бағдарлары, жанрлық ҳәм көркемлик өзгешеликлери ҳәр тәреплеме теориялық жақтан терең изертленген. Сондай-ақ, гүрриң ҳаққында, бул жанрдың өзине тән жанрлық-стиллик жақтан өзгешеликлери бир қатар әдебиятшы илимпазлар И.Султанов, Т.Бобаев, Э.Худайбердиев, С.Ахметов, Ж.Нарымбетов, Ә.Қожықбаев, Қ.Камалов, К.Мәмбетов, Т.Қурбанбаева, П.Нуржановлардың илимий мийнетлеринде де талқыға алынған.

Белгили әдебият сыншысы С.Ахметов «Әдебий критикада қарақалпақ прозасының мәселелери» атлы шолыў түриндеги мақаласында былай жазады: «Проза критикасында гүрриң жанрына оғада аз кеўил бөлингенлиги байқалады. Бизиң әдебиятшыларымыздан бул жанр ҳаққында аз да болса қәлем силтегенлер М.Нурмухаммедов ҳәм С.Баҳадыровалар болды. М.Нурмухаммедов өзиниң проза ҳаққындағы көлемли изертлеўинде бул жанрды тарийхы жағынан ғана қарастырады. Ал, С.Баҳадырова «Гүрриң ҳәм жаслар творчествосы» (1), «Гүрриңлерде шеберлик мәселеси» (2), (1.Әмиўдәрья, 1970, №3; 2. Әмиўдәрья, 1970, №11) мақалаларында белгили гүрриңлерди арнаўлы түрде қарастырған ҳәм оның улыўма прозадағы орнын ашыўға умтылғанлығын қуўатлаймыз. Автордың жетискенлиги сонда, жаслар дөретиўшилигиндеги көзге түсип атырған унамлы тенденцияларды байқастырады [13:229].

Гүрриңлердиң жанрлық жақтан терең изертлениўи арқалы илимий мийнетлерде жоқары баҳаланыўы ҳәм сын пикирлер билдирип, орынлы ескертиўлери эпикалық жанрдағы шығармаларды дөретиўшилерге жаңа жуўапкершиликти жүклейди. Илимпаз С.Баҳадырова «Гүрриң жанрының гейпара өзгешеликлери» мақаласында: «Гүрриң – кишкене формадағы эпикалық жанрдың бир түри. Ол басқа жанрлардың ишинде «шеберлик мектеби» [14:75] деп тастыйықлаўы менен бир қатарда, «Гүрриң –турмыстың бир кесиндисин сөз етиўи

де. Турмыстың бир неше эпизодларын өз ишине қамтыўы да, геройдың (қаҳарманның) жалғыз үлгисин сөз етиўи де мүмкин. Онын барлық өмирин бериўи де, адам сезиминиң бир қубылысын бериўи де, гүрриңде ўақыя таярлықсыз бирден басланып кетиўи де, алдын-ала ол ўақыяны таярлап бериўи де, ўақыя бир жөн басланыўы да, гүрриңниң көлеми бир бет болыўы да, ал повестьтиң көлеми менен тең келиўи де мүмкин» [14:76] – деп баҳалы пикир айтады. Илимпаздың бул пикирлерине жүгинетуғын болсақ, ҳәр бир эпикалық жанр формаларының өзлериниң ишки ўақыялары бир неше онлаған яки жүзлеген ўақыялардан қурылған гүрриңлерден ибарат екенлигин тән алыў керек. Илимпаздың «Дәслепки қарақалпақ гүрриңлери ҳаққында» мақаласында да Қарақалпақстанда прозалық шығармалардың баспа сөздиң пайда болыўы менен газета-журнал бетлеринде көрингенлигин фактлер менен дәлиллеп көрсеткен [15:78]. Ал, «Гүрриңлердеги шеберлик» мақаласында [16:115] қарақалпақ әдебиятында гүрриң жанрының раўажланыўына туўысқан халықлар әдебиятының тәсири ҳаққында пикир ҳәм усынıслары билдирилген.

1980-жыллардың ақырында қарақалпақ әдебиятында гүрриң жанрының жазылыў мүмкиншиликлери ҳаққында А.Аманова: «Қарақалпақ гүрриңи үлкен прозаға жол ашып берди. Ол басқа прозалық жанрлардың пайда болыўына ҳәм қәлиплесиўине жағдай жасады» [17:103], - деп көрсетеди. Автор гүрриң жанрының 1970-80-жыллардағы раўажланыў бағдарларына таллаў жасайды ҳәм қарақалпақ гүрриңлериниң жанрлық шеңбери кең ҳәм көп түрли екенлигин көрсетип, «гүрриң-ертек, гүрриң-легенда, болған ҳәдийсе туўралы ертек, киноновелла ҳәм гүрриң жанрының раўажланыўының бурыннан бар дәстүрли гүрриң жанрының раўажланыўында хат-гүрриң, гүрриң-монолог, документаль-гүрриң, күнделик-дәптер тағы басқа өзгешеликлерин айтып өтеди. Әлбетте, бул пикирлерди еле де изертлеп үйрениў зәрүрлиги туўылады [17:103].

Булар әлбетте, 80-жыллар жуўмақлары бойынша айтылған пикирлер. Лекин, бул илимпазлардан кейин гүрриң жанрына қәлем тербетип арнаўлы айтылған пикирлер аз болды. 90-жыллардың гүрриң жанрының раўажланыў бағдарлары ҳаққында И.Өтеўлиевтиң, П.Алламбергенованың, Ҳ.Өтемуратовалардың шолыў, илимий мақалалық пикирлери айтылды. Ҳ.Өтемуратова «Ҳәзирги проза ҳаққында гейпара ойлар» деген шолыў түриндеги мақаласында гүрриң жанрының раўажланыў барысында есапқа алыўы тийис болған әхмийетли пикирлерди ортаға қояды: 90-жыллар прозада роман ҳәм повестьлер көплеп дөрелди, бирақ гүрриңлер аз жазылып атыр» [18:80]. Бүгинлиги қәлеми ысылған, үлкен жазыўшыларымыз да гүрриң жанрының шебери сыпатында көзге түскен жазыўшылар қатарында Г.Есемуратова, Ә.Атажанов, А.Әбдиевлардың дөретиўшилигин атап өтеди. Олардың гүрриңлериндеги идеялық-тематикалық жақтан да ҳәр қыйлы ҳәм жанрдың өсиўшеңлигин формалық жақтан жетилистириўде де жаңашыллықты (новаторлықты) жүзеге шығарып атырғанлығы әҳмийетли.

90-жыллар гүрриң жанрының раўажланыўында «Әмиўдәрья» журналының активлик көрсеткенлиги белгили. «Әмиўдәрья» журналында тек 90-жылдың өзинде жәрияланған гүрриңлер ҳаққындағы әдебиятшы П.Алламбергенова «Терең идеялы, көркем гүрриңлер керек» деген әдебий сын пикирли рецензиялық мақаласын жазды [19:78]. Бунда автор былай жазады: «1990-жылы «Әмиўдәрья» журналы гүрриңлерди жәриялаў бойынша бир қанша табысларға ерискен сыяқлы. Өйткени, аўдармалардан тысқары бир қанша онлаған гүрриңлер жәрияланды. Ең баслысы, булардың көпшилиги жас талант ийелериниң дөретпелери болып, ҳәр қыйлы тематиканы қамтыйды. Соның ушын да, биз жәрияланған гүрриңлерди төмендегише бөлип қараўды орынлы деп ойлаймыз: 1. Ҳәзирги ўақыттың мәселелерин сөз етиўши гүрриңлер; 2. Екинши жер жүзлик урыс темасына байланыслы гүрриңлер; 3. Муҳаббат темасына байланыслы гүрриңлер; 4. Сатиралық, тымсаллық бағдарда жазылған гүрриңлер. Усы бағдарда 90-жыллардағы айырым гүрриңлерди таллаў жасаў менен автор төмендегидей жуўмақ жасайды: «90-жылғы гүрриңлер ҳаққында гүрриң жанрымыз илгерилеп баратырғанға усамайды деп жуўмақ шығарыў тәбийий. –Конфликт босаң, жасалмалылыққа қурылыўы нәтийжесинде аңсат шешиледи, уқсас (таныс) сюжетке қурылып, жеке творчестволық өзгешелик сезилмейди. Көбинесе, бири екиншисин, я тематикалық, я идеялық жақтан қайталаў сыяқлы. …Әдебиятымыз майданында гүрриңлер дөретиўшилик өнерге жаңа кирип киятырған жаслар тәрепинен жазылмақта. Ал, белгили қәлеми ысылған талант ийелериниң бул жанрға бет бурмай атырғанлығына ашынасаң!» [19:78].

Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ гүрриңлериниң идеялық-тематикалық бағдарлары, образ жасаў, миллий характер, шеберлик мәселелери ҳаққында илимпаз И.Өтеўлиевтиң «Гүрриң жанрының мүмкиншиликлери» [20:75], «Шийрин муҳаббат ҳаққында толқыў» [21] мақалаларында 1990-жылларда «Әмиўдәрья», «Арал», «Арал қызлары» журналларында ҳәм айырым топламларда жәрияланған гүрриңлер ҳаққында ҳәр тәреплеме поэтикалық таллаў жасалған. Бул пикирлер гүрриң жанрын изертлеўде жүдә әҳмийетли. Изертлеўши гүрриң жанрының жанрлық өзгешеликлери ҳаққындағы пикирлерин ортаға қойған: «Гүрриң прозаның ең ҳәрекетшең жанрларынан бири болып, ол күнделикли өмир ғалма-ғаллары менен тығыз байланысқан турмыс шынлығының бир сәттеги көринисиниң яки аз ғана мәўритти жарыққа шығарыўы менен айрықшаланады. Бул жанрда сөздиң қысқалығы, тужырымлылығы, ой-пикирлердиң жыйнақлылығы биринши орында турады. Гүрриң жанрын ҳәзир айырым жазыўшылар киши жанр ретинде қарайды. Көркем әдебияттың қайсы жанры болмасын, онда өмир шынлығын сүўретлеў баслы ўазыйпа. Усыған усаған том-том роман жазыў менен де ерисе алмай жүрген

жазыўшы-ларымызды келтириўимизге болады. Жанрдың үлкен кишиси жоқ яки жазыўшыны үлкен жанрда қәлем сермеди деп аўыз толтырып баҳалаў, егер оның шығармалары турмыс шынлығынан алыс болса, мүмкин емес ҳәм надурыс болады. Гүрриң жанры менен де аты әлемге белгили болып атырған жазыўшыларымыз мәлим. Сонлықтан, гүрриң жанрының мүмкиншиликлери көп. Ол бүгинги ўақыялар менен ҳәдийселердиң өмир тәшўиишлери, ғалма-ғалларының тийкарғы өзеги-ҳәрекетшең жанр болып қала береди [20:75].

Демек, усындай пикирлерден жуўмақ шығара отырып, гүрриң жанрының қарақалпақ әдебиятында раўажланыў бағдарларын ҳәзирги көзқарасларда, ғәрезсизлик тийкарда анализ етиў әҳмийетли мәселе болып табылады.

**Әдебиятлар**

1.Кабдолов З.Современный казахский рассказ. Автореферат диссертации на соискание учёной степени кандидата филологических наук. -Алма-Ата: 1961.

2. Акмуханова Б. Пути развития казахского советского рассказа (1917-1941 г. г.) Автореферат диссертации на соискание учёной степени кандидата филологических наук. -Алма-Ата: 1962.

3.Кебекова Б. Пути развития киргизского себетского рассказа. Автореферат диссертации на соискание учёной степени кандидата филологических наук. –Фрунзе: 1964.

4.Ишанкулиева Э. Жанр рассказа в туркменской советской литературе Автореферат диссертации на соискание учёной степени кандидата филологических наук. –Ашхабад: 1967.

5.Владимирова Н. Развитие жанра рассказа в узбекской советской литературе (20-е – 40 –е годы). –Ташкент: Изд. «Фан», 1977.

6. Норматов У. Основное тенденции развития современного узбекского рассказа (1956-1961) Автореферат диссертации на соискание учёной степени кандидата филологических наук. –Ташкент: 1963.

7. Турдиев Ш. Узбекский рассказ двадцатых годов. Автореферат диссертации на соискание учёной степени кандидата филологических наук. –Ташкент: 1968.

8. Ташканов С. Современный узбекский сатирический рассказ и проблема характера (1960-1970) Автореферат диссертации на соискание учёной степени кандидата филологических наук. –Ташкент: 1975.

9.Адылов Ш. Образ современника в узбекском рассказе (70 –е – 80 –е годы). Автореферат диссертации на соискание учёной степени кандидата филологических наук. –Ташкент: 1990.

10. Досмухаммедов Х. Ҳозирги ўзбек ҳикоячилигида бадиий тафаккурнинг янгиланиши. 80-йилларнинг иккинчи ярми ва 90-йилларнинг аввалидаги ҳикоялар мисолида. –Тошкент: 1995. Номзодлик диссертация.

11.Нурмухамедов М. Пути развития каракалпакской советской прозы. Автореферат диссертации на соискание учёной степени доктора филологических наук. –Ташкент: 1965.

12.Баҳадырова С. Современный каракалпакский рассказ (1957-1967 гг). Автореферат диссертации на соискание учёной степени кандидата филологических наук. –Нукус: 1970.

13.Қарақалпақ әдебий сыны. -Нөкис: 1993, 229-б.

14. Баҳадырова С. Гүрриң жанрының гейпара өзгешеликлери. Өз ССР ИА ҚҚБ Хабаршысы. 1970, №3, 75-76-б.

15. Баҳадырова С. Дәслепки қарақалпақ гүрриңлери ҳаққында. Өз ССР ИА ҚҚБ Хабаршысы. 1970, №4, 78-б.

16.Баҳадырова С. Гүрриңлердеги шеберлик. // «Әмиўдәрья». 1970, №10, 115-б

17. Аманова А. Жанрдың мүмкиншиликлери. // «Әмиўдәрья», 1987, №9, 103-б.

18. Өтемуратова Ҳ. Ҳәзирги проза ҳаққында гейпара ойлар» деген шолыў. // «Әмиўдәрья», 1988, № 6.

19. Алламбергенова П. «Терең идеялы, көркем гүрриңлер керек». //«Әмиўдәрья», 1991, №10, 78-б.

20. Өтеўлиев И. «Гүрриң жанрының мүмкиншиликлери». /Арал, 1993, № 2-3, 75-б.

21. Өтеўлиев И. Шийрин муҳаббат ҳаққында толқыў. //Жан даўысы. Илимий-изертлеў. -Нөкис: «Билим», 1993.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ҳикояларнинг ўрганилиш қилиниш тарихи, айниқса, қорақалпоқ ҳикояларининг мустақиллик даврида ўрганилиши масалалари таҳлил қилинган. Қорақалпоқ ҳикояларини ҳозирги давр нуқтаи-назаридан ўрганиш адабиётшунослик илмидаги энг долзарб муаммо. Ҳикояларнинг ўрганилишига қилинишида, таниқли адабиётшунос олимлар М.Нурмухамедов, С.Баҳадырова, А.Аманова, П.Алламбергеноваларнинг илмий қарашлари асос қилиб олинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются история изучения рассказов, особенно вопросы исследования каракалпакских рассказов в период независимости. Изучение современных каракалпакских рассказов с точки зрения сегодняшнего дня является актуальной проблемой литературоведения. В исследовании рассказов в основу взяты научные выводы известных учёных литературоведов М.Нурмухамедова, С.Бахадыровой, а также А.Амановой и П.Алламбергеновой.

**SUMMARY**

This article of narration investigation history especially period of vient present epoch of Karakalpak stories to learn history of literature science the very culmination problem. History of literature is well-know stories of investigation scientist M.Nurmuhammedov, S.Bahadirova, A.Amanova, P.Allambergenova’s viewpoint basic of science.